

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Métođe jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Métođe Panalungtikan

Métođe anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métođe kuasi ékspérimén, nya éta métođe panalungtikan ékspérimén semu anu nyokot sabagian variabel, tujuanana pikeun meunangkeun informasi kalawan maké métođe ékspérimén. Desain metode kuasi ékspérimén, diantarana.

a) **One shot case study**

X O

b) **Pretest and posttest**

O<sub>1</sub> X O<sub>2</sub>

c) **Static group comparison**

$$O_1 = \frac{X_1}{X_2}$$

Kat:

X = treatmen/perlakuan

O = hasil observasi

(Arikunto:1993,122)

#### 3.2 Téhnik Panalungtikan

##### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ari téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan nya éta téhnik tés jeung observasi (pengamatan). Tés digunakeun pikeun ngukur

kaparigelan, pangaweruh, intélégénsi, kamampuh jeung bakat anu dipimilik ku siswa. Sedengkeun observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu dilakukeun sacara sistematis sarta ngagunakeun prosédur nu terstandar (Arikunto, 1993:121).

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu dikumpulkeun ti siswa di tés ngaliwatan instrumén panalungtikan ngawengku hasil diajar kamampuh awal (pretest) jeung kamampuh ahir (postes). Kagiatan ngolah data mibanda tujuan pikeun ngarobah data anu kotor jadi data bersih sarta méré harti kana hasil panalungtikan.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun nya éta nguji sipat data ngawengku:

#### 1. Uji Normalitas

Gunana pikeun mikanyaho normal henteuna data anu geus dikumpulkeun.

Léngkah-léngkahna nya éta:

a) Ngitung rata-rata (mean) peunteun pratés siswa

$$\bar{x} = \sum \frac{fx}{N}$$

Kat:

$\bar{x}$  = rata-rata kelompok

$\sum fx$  = jumlah peunteun kali frékuénsi

N = jumlah siswa

b) Ngitung standar deviasi

$$sd = \sqrt{\frac{N(\sum fx^2) - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

c) Nyieun frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi nu léngkah-léngkahna nya éta:

1) Nangtukeun panjang kelas (p)

carana milih rentangan angka ganjil 1,3,5,7,9,11...

2) Ngitung rentangan (r)

r = peunteun panggedena-peunteun pangleutikna

3) Ngitung jumlah kelas (k)

$$K = \frac{r}{p} + 1$$

4) Nangtukeun Z keur wates kelas maké rumus:

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

5) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)

6) Nangtukeun frékuénsi ékspéktasi :  $E_i = L \times N$

7) Nangtukeun frékuénsi observasi ( $O_i$ )

8) Nangtukeun batas kelas (bk)

d) Ngitung  $\chi^2$  (*chi-kuadrat*) tina daptar:

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

e) Nangtukeun darajat kabébasan

$$db = k - 3$$

f) Ngagunakeun  $x^2$  (chi-kuadrat) tina daptar

g) Nangtukeun normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kriteria ieu di handap.

$x^2$  itung  $<$   $x^2$  daptar = **distribusi populasi normal**

$x^2$  itung  $>$   $x^2$  daptar = **distribusi populasi teu normal**

## 2. Uji Homogénitas peunteun pratés jeung pascatés siswa.

Uji homogénitas peunteun pratés jeung pascatés siswa, léngkah-léngkahna nya éta:

a) Néangan peunteun (F) maké rumus:

$$F = \frac{Sb^2}{Sk^2}$$

Kat:

F = harga variansi nu rék ditéangan

$Sb^2$  = variansi nu leuwih gedé

$Sk^2$  = variansi nu leuwih leutik

b) Nangtukeun darajat kabébasan (db)

$$db_1 = N_1 - 1$$

$$db_2 = N_2 - 1$$

Kat:

$db_1$  = darajat kabébasan pembilang

$db_2$  = darajat kabébasan penyebut

$N_1$  = ukuran sampel nu variansina gedé

$N_2$  = ukuran sampel nu variansina leutik

c) Nangtukeun harga F tabel

d) Nangtukeun homogénitas

kritériana nya éta.

**F itung < F daptar = variasi populasi homogén, jeung**

**F itung > F daptar = variasi populasi teu homogén**

### 3. Uji t

Rumus keur ngalaksanakeun uji béda dua rata-rata (uji t) nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

### 4. Nguji Hipotésis

Nguji hipotésis ditingali tina hasil pascaté. Kritéria anu digunakeun nya éta ditarima  $H_a$ , ditolak  $H_o$  lamun  $t$  itung >  $t$  tabel jeung ditarima  $H_o$  ditolak  $H_a$  lamun  $t$  itung <  $t$  tabel.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta tés jeung observasi.

1. Tés anu dilakukeun 2 kali nya éta pratés jeung pascaté. Tés kahiji (pratés) nya éta tés kamampuh awal saméméh murid ngalaman prosés diajar ngajar. Pratés mibanda maksud pikeun mikanyaho kamampuh murid dina pangajaran nulis karangan éksposisi saméméh meunang “perlakuan” (treatment). Tés kadua (pascaté) nya éta tés kamampuh ahir saenggeus murid ngalaman prosés diajar

ngajar. Pascaté s mibanda maksud pikeun mikanyaho kamampuh murid dina pangajaran nulis karangan éksposisi sabada meunang “perlakuan” (treatment).

Soal pratést jeung pascatést kudu sarua. Di handap ieu minangka conto soalna:

### TÉS NGARANG

Jieun hiji karangan anu katangtuanana:

1. Warna karangan éksposisi
2. Pilih salasihiji judul di handap ieu:
  - ❖ Kajadian nu Ahéng di Taun 2007
  - ❖ Kagunaan Maén Game
  - ❖ Pangaruh Internét keur Budak Sakola
  - ❖ Gaya, Gaul jeung Modis dina Pakéan Sakola
3. Komponén nu dipeunteun:
  - ❖ Basa
  - ❖ Éjahan
  - ❖ Eusi karangan
4. Waktu: 45 menit



2. Observasi nya éta pikeun ngumpulkeun data nu dilakukeun sacara sistematis sarta ngagunakeun prosedur nu geus dibakukeun (Arikunto, 1993:22).

### **3.4 Populasi jeung Sampel**

#### **3.4.1 Populasi**

Populasi dina ieu panalungtikan téh nya éta kamampuh nulis karangan éksposisi kelas VII di SLTP Negeri 15 Bandung.

#### **3.4.2 Sampel**

Tina populasi di luhur, dicokot sampel sacara random. Contona kelas VII aya 8 kelas, terus ngadamel kertas-kertas alit dingaranan ti VIIA nepi ka VIIH, terus dikocok kawas arisan nya kaluar VIIA anu jumlahna 40 siswa. Jadi, sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta nulis karangan éksposisi siswa kelas VIIA anu jumlahna 40 urang.

### **3.5 Cara Meunteun Karangan**

Hal meunteun geus ilahar, pikeun ngukur kamampuh siswa. Ieu kagiatan téh bisa dilaksanakeun ku pihak-pihak nu tangtu. Salah sahijina nya éta meunteun dina raraga kagiatan diajar di kelas. Dina ieu hal nu ngalaksanakeunana nya éta guru. Ku kituna, salian ti pancén ngajar jeung ngatik, guru ogé ngabogaan pancén salaku évaluator.



Dina raraga meunteun, guru kudu nyangking pangaweruh jeung kaparigelan. Guru kudu weruh kana prosés évaluasi, nyoko kana téhnik jeung évaluasi, parigel dina nyusun soal, bisa ngolah skor, jeung nga

gunakeun évaluasi pikeun kapentingan dunya atikan. Dina pangajaran nulis, ngarang mangrupa kaparigelan produktif.

Nurutkeun KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan), komponén anu diukur dina karangan aya 3 aspék, nya éta:

1). Basa karangan, anu ngawengku pilihan kecap (diksi) jeung éjahan

2). Eusi karangan, anu ngawengku:

a. hubungan eusi jeung judul

b. warna karangan

c. mekarkeun eusi

3). Téhnik karangan, anu ngawengku:

a. susunan karangan

b. hubungan antar paragraf

#### Aspék Penilaian

Sasaran	Aspék	Kritéria	Skala
a. Basa	a. Éjahan	Bener	1-3
	b. Pilihan Kecap	Keuna	1-3
b. Eusi	a. Hub eusi jeung topik	Luyu	1-3
	b. Warna karangan	Luyu	1-3
	c. Pamekaran eusi	Lengkep	1-3
c. Téhnik karangan	a. Susunan karangan	Ngaguluyur	1-2
	b. Hub antar paragraf	Ngaguluyur	1-3

Keterangan skala penilaian:

**A. Basa**

1. Diksi

3 = Kecap nu digunakeun merenah, cocog, luyu, jeung ékonomis.

2 = Kecap nu digunakeun kurang merenah, kurang ékonomis sanajan luyu jeung karangan.

1 = Kecap loba nu teu merenah, pabaliut jeung teu luyu.

2. Éjahan

3 = Éjahan nu digunakeun henteu aya kasalahan.

2 = Éjahan aya sawatara kasalahan.

1 = Éjahan loba pisan kasalahan.

**B. Eusi Karangan**

1. Hubungan eusi jeung topik

3 = Hubungan antara eusi jeung topik luyu

2 = Hubungan antara eusi jeung topik aya sabagéan nu kurang cocog.

1 = Hubungan eusi karangan teu aya patalina jeung judul

2. Warna Karangan

3 = Warna karangan luyu jeung judul karangan

2 = Warna karangan satengah luyu jeung judul, satengah teu luyu jeung judul

1 = Warna karangan teu luyu jeung judul

### 3. Pamekaran Eusi

2 = Eusi karangan bener-bener mundel, runtuyan karangan hadé.

1 = Eusi karangan kurang lengkep.

## C. Téhnik Karangan

### 1. Susunan Karangan

3 = Susunan karangan ditata rapih, runtuyan karangan hadé.

2 = Susunan karangan kurang hadé, teu rapih.

1 = Susunan karangan pabaliut, teu puguh.

### 2. Hubungan antar paragraf

3 = Karangan luyu jeung antar paragraf. Unggal paragraf disusun ku kalimah- kalimah nu museur kana hiji poko.

2 = Hubungan antar kalimah kurang kompak, teu mesur kana ide poko.

1 = Hubungan antar kalimah pabaliut, teu museur kana ide poko.

Dumasar kana tabel, skor maksimal siswa nya éta 20. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah ngagunakeun rumus saperti ieu di handap.

$$\text{skor atah} = \frac{\text{skor siswa}}{\text{skor maks karangan}} \times 100\%$$

Pikeun peunteun ahir, digunakeun pendekatan acuan patokan (PAP), saperti ieu di handap.

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{skor atah}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$

### **3.6 Léngkah Garapan Panalungtikan**

#### **A. Tatahar**

1. Nangtukeun topik
2. Ngarumuskeun kasang tukang jeung ngawatesanan masalah.
3. Ngarumuskeun anggapan dasar, téori nu digunakeun, jeung hipotésis.
4. Ngarumuskeun tujuan panalungtikan sarta hasil nu hayang kahontal.
5. Nangtukeun métode jeung téhnik panalungtikan sarta instrumén atawa alat data.

#### **B. Ngumpulkeun Data**

1. Nangtukeun jadwal observasi.
2. Nyieun pedoman observasi.
3. Ngayakeun observasi ka sakola hususna ka kelas VII.

#### **C. Ngolah Data**

1. Mariksa jeung milih data anu kakumpulkeun.
2. Milah data dumasar kana hasil pratés jeung pascatés.
3. Tabulasi data atawa ngalaporkeun kabéh data dina bentuk tabel.
4. Dina nganalisisna ngagunakeun analisis statistik data.

#### **D. Nyusun Laporan**

Léngkah nyusun laporan mangrupa léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan. Tina hasil analisis, déskripsi, napsirkeun, nepi ka aya hiji kacindekan, tuluy disusun nepi ka mangrupa hiji laporan.

